



Ódonans sou sekirite nan matyè konstriksyon ak demolisyon – Deklarasyon plan sekirite sit la (Kreyòl Ayisyen)

Moun ki gen pèmi an ki siyen anba ("Detentè Pèmi") sètifye sa ki annapre yo anba pèn ak penalite pou fo temwayaj:

Moun ki gen pèmi a rekonèt enkyetid vil la konsènan sekirite nan sit travay pwojè yo, epi vil la te aplike nouvo règleman pou diminye aksidan sou ak azalantou sit travay yo. Moun ki gen pèmi a dakò ke l te li epi konprann Kòd Vil Boston, Ódonans, Chapit 16-65, Ódonans ki gouvène operasyon konstriksyon ak demolisyon nan vil Boston ("Ódonans lan") epi li pral fe operasyon l an strik konfòmite ak tout obligasyon aplikab yo, direktiv, ak kondisyon ki enpoze pa Ódonans sa a.

Moun ki gen pèmi an konprann se responsabilite Detantè Pèmi a pou devlope, kenbe, epi swiv yon plan sekirite spesifik alekri nan pwojè a ki presize kijan lap ranpli obligasyon li yo.

Moun ki gen pèmi an rekonèt ke pa gen okenn dispozisyon nan Ódonans lan ki egzije Depatman Sèvis Enspeksyon an, oswa nenpòt lòt antite Vil la, entèprete oswa aplike nenpòt règleman sante ak sekirite Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (OSHA) ki egziste deja ki gouvène sekirite moun ki travay nan konstriksyon oswa operasyon demolisyon an konfòmite ak règleman OSHA se sèl responsabilite detantè pèmi a.

Moun ki gen pèmi an sètifye ke li te kreye ak aplike yon Plan Sekirite pou sit la ki sijè a pèmi ki konfòme ak, epi ki pral satisfè, tout obligasyon règleman, direktiv, ak kondisyon enpoze pa Ódonans lan. Espesyalman, moun ki gen pèmi a sètifye ke Plan Sekirite pou sit sa a defini pwoteksyon planifye kont danje potansyèl pou moun ki sou sit pwojè a, piblik la, ak pwopriyete nan operasyon konstriksyon ak demolisyon epi li satisfè egzijans aplikab yo ki defini nan Depatman an, jan sa endike nan Bilten Komisyone CB2023-04. Moun ki gen pèmi a sètifye tou ke chak Sou-kontraktè, ak lòt pati ki pral fe travay sou sit travay Pwojè a pral konfòme tou epi yo pral satisfè kondisyon sa yo. Moun ki gen pèmi a rekonèt se sèl responsabilite yo pou asire ke sou-kontraktè li yo respekte Ódonans lan.

Moun ki gen pèmi an sètifye ke li pral konfòme ak tout egzijans operasyonèl ki aplikab yo nan Ódonans lan ak pwosedi administratif Bilten Komisyone ki asosye yo, ki gen ladan Oryantasyon Sekirite Sit, mizajou Anyèl, Reyinyon sou Sekirite Avan chif travay, kenbe jounal ak dosye ki enpòtan yo, fe notifikasiyon obligatwa yo, ak bay dokiman ki nesesè yo, dapre Ódonans lan, sou demann Depatman Sèvis Enspeksyon an ak/oswa Enspektè ak Ofisyè Bilding li yo.

Moun ki gen pèmi a rekonèt epi li dakò ke si w pa respekte nenpòt nan kondisyon ki anwo yo, ki gen ladan l pa respekte pwòp Plan sekirite lokal li a, sa ka lakòz sispanson oswa revokasyon travay k ap fèt oswa anilasyon pèmi Vil la pou travay sa yo; depi, sepandan, Vil la rezève dwa pou l bay Moun ki gen Pèmi a opòtinite pou l korije oswa fikse vyolasyon an imedyatman anvan Vil la bay yon sispanson oswa tèminasyon travay k ap fèt oswa anilasyon pèmi Vil la pou kalife travay sa.

Non Moun ki gen Pèmi a

Siyati

Dat

Adrès Pwojè